

La Bib pou ti moun prézanté

Jezi ak Zache



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Ruth Klassen

Tradwi pa : Ausky Salomon


Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Yon jou, Jezi t
ap pase Jeriko.
Sa genyen lotan
depi Jozye te
detwi vil sa a.
Kounye a, yo te
rebatil epi te
gen yon gwo
kantite moun ki
t ap viv ladan li.
Pami yo te gen
yon nonm ki te
rele Zache.



Li pwobab pou moun Jeriko yo pa te renmen Zache paske li te konn kolekte taks yo. Zache te voye yon pati nan lajan an bay gouvènman an — men li te kenbe yon pati pou tèt li.


3

Travay sa a te fè Zache vin rich anpil. Kay li a dwe te PI GWO ak PI BÈL sou katye a.




4

Men, li te piti (kout) anpil tou — pa piti nan lajan, men nan wotè. Zache pa te grandi menm jan ak lòt moun yo.



5



Lè Zache te tande Jezi te Jeriko, ti pèseptè taks la te vle wè Nonm Nazarèt la ki te pretann li se Pitit Bondye a. Men, foul la te gwo... moun yo te wo.

6



Zache te genyen yon lide ! Si li te kapab vin pi wo pase foul la... monte sou yon pyebwa ki bay sou wout la, lè sa a li ta ka wè Jezi.

7



Zache te monte sou yon pye sikomò, li te jwenn yon fouch konfòtab nan branch yo, epi li te chita la l ap tann Jezi. "Mwen te nan yon bon pozisyon," li dwe te panse. "Mwen ap wè li san moun pa wè m."

8

"Zache, prese desann."
Ti pèseptè taks la pa te
kapab kwè sa li te
tande a. Jezi te kanpe
anba pyebwa a. Jezi t
ap gade li. Jezi te
rele ! !




9



Si Zache te sezi lè li
te tandé Jezi rele l,
li dwe te pi sezi
toujou lè Jezi di l :
"Jodi a fòk mwen
rete lakay ou."
Zache te desann
tèlman vit li te
manke tonbe.

10

Zache te kontan anpil lè l tandé Jezi t
apral vizite lakay li. Men, pèp la pa te
renmen sa. Yo te panse Jezi pa ta dwe
al vizite yon pechè tankou Zache.




11



Jezi te pote yon
nouvo lavi pou
Zache. Zache te
di li : "Senyè,
mwen ap bay pòv
yo mwaye nan
byen mwen yo.
Epi si mwen te
twonpe yon moun,
mwen ap remèt li
kat fwa plis."

12

Jezi te renmen
nouvo lavi Zache a.
Li te renmen wè lè
moun yo vire do bay
peche epi fè sa ki
dwat. Jezi te di :
"Pitit Lòm nan te
vini chèche epi
sove sila ki te
pèdi." Jou sa a,
nan Jeriko, Jezi
te jwenn Zache !



13

Jezi ak Zache


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Lik 19


"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

14



Fen

53



60

15

Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

16